



Pou Piblikasyon Imedya: 04/12/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE APLIKASYON YO DISPONIB KOUNYE A POU
TWAZYÈM FAZ FON 40 MILYON DOLA FON BETTER BUFFALO**

***Nou Ankouraje Òganizasyon Kominotè ak Devlopè Prive yo pou Aplike pou
Finansman pou Envesti nan Revitalizasyon Anba Lavi Buffalo***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse aplikasyon yo disponib kounye a pou Twazyèm Faz 40 milyon dola Fon Better Buffalo a (Better Buffalo Fund, BBF). Fon Better Buffalo a se yon eleman enpòtan nan kad inisyativ Buffalo Billion lan, epi li dedye a pwojè k ap revitalize katye distri komèsyal yo ak ankouraje dansite ak kwasans nan koridò transpò yo.

“Investisman yo te fè atravè Fon Better Buffalo a yo sipòte revitalizasyon katye degrade oswa abandone yo, amelyore aksè pou pasaje yo a arè transpò komen Buffalo a yo ak zòn yo ka mache a pye yo, epi yo ede sipòte redemaraj grand vil sa a kontinye ap fè la”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen fyè pou m ofri twazyèm faz finansman sa a pou ede asire pwogrè san parèy sa kontinye epi pou Rejyon Lwès New York la rete yon rejyon ki an mouvman.”

“Atravè Fon Better Buffalo a, Gouvènè Cuomo ap ofri blòk konstriksyon pou yon vil ki pi dinamik lè yo relanse renesans katye ak koridò biznis nou yo”, **Gouvènè Adjwen Hochul te deklare.** “Vil Buffalo a nan sant efò Eta New York la ap fè pou soulve ak rekonstwi ekonomi rejyon nò a. Apati de siksè tan pase yo te demontre, mwen konfyan twazyèm faz Fon Better Buffalo a pral jenere yon faz frèch pou pwojè yo ki pral kontinye alimante yon transfòmasyon ki deja enpresyonan.”

Lansman Twazyèm Faz la ap ajoute sou finansman yo te akòde atravè Dezyèm Faz Fon Better Buffalo a, ki te gen ladan 9,130,042 dola ototal yo te akòde pou 14 pwojè. Pwojè sa yo ap renove plis pase 250 inite rezidansyèl ak plis pase 140,000 pye kare espas devan magazen ak espas komèsyal, pandan y ap rantabilize plis pase 131.4 milyon dola nan investisman prive.

Pou w aplike atravè Twazyèm Faz Fon Better Buffalo a, aplikasyon an ak materyèl yo disponib [isit la](#) epi delè a se 1 Fevriye 2018 a 4 è p.m.

Aplikan twazyèm faz la yo gendwa chache jwenn finansman pou youn nan de inisyativ sa yo: Devlopman ki Oryante Anvè Transpò Komen (Transit Oriented Development)

oswa Buffalo Main Streets.

Devlopman ki Oryante Anvè Transpò Komen

Investisman nan devlopman ki oryante anvè transpò komen yo pral ede konekte rezidan ak vizitè ki nan sant aktivite toupatou atravè Buffalo yo epi konstwi repitasyon vil la kòm yon vil dinamik, k ap fleri. Li pral sipòte tou enstalasyon ak enfrastrikti modèn, katye akeyan yo byen konsevwa, ak yon bann seri resous ki aksesib pou tout rezidan yo.

Jiska 2 milyon dola nan eka finansye, prè oswa sibvansyon, disponib pou pwojè k ap ankouraje itilizasyon transpò plizyè-modèl ak estimile aktivite pyeton gras a biznis ak sèvis ki oryante anvè katye yo, bon jan kalite espas piblik ak pasaj pyeton ki aksesib. Rejyon ki vize pou devlopman sa nan yon distans mache 0.4 kilomèt de arè transpò Buffalo sou Bailey Avenue, Grant Street, Main Street, Niagara Street, Utica Street ak koridò Fillmore Avenue.

Inisyativ Buffalo Main Streets

Renove bilding yo ak amelyore espas piblik yo enpòtan pou revitalize avèk siksè distri biznis istorik ak katye plizyè-itilizasyon nan ak ozalantou Buffalo.

Sibvansyon yo klase apati 50,000 dola a 500,000 dola e yo disponib pou asosyasyon biznis katye ak non-pwofi yo nan Vil Buffalo ki pral renove kèk nan espas ki pwomèt nan zòn anba lavil la. Inisyativ Buffalo Main Streets la ap vize Allentown, Bailey, Broadway/Fillmore, Chippewa Street, East Delavan, Elmwood Village, Fillmore/MLK, Grant/Amherst, Grant/Ferry, Hertel, Jefferson Avenue, Kaisertown, Lovejoy, Lower Niagara/Lakeview, Main Street, Seneca-Caz, South Park, Tonawanda/Ontario, koridò Upper Niagara Street ak Connecticut Street.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisyonè Renouvèlman Kay ak Kominote yo (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare, “Yo konsevwa Inisyativ Buffalo Main Streets la sou modèl pwogram reyisi New York Main Street HCR la, epi l ap travay toupatou atravè eta a pou ede fè renovasyon nan distri komèsyal a izaj miks yo – reyabilite ak amelyore bilding yo, fè distri istorik yo respire yon nouvèl vi, epi rann sant vil New York la vin yon kote dinamik kote moun vle viv ak travay”.

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Rejyon Lwès New York lan e Prezidan SolEpoxy, Jeff Belt, te deklare, “Avèk sibvansyon ki vize finansman pwojè devlopman a plizyè-itilizasyon, Fon Better Buffalo a ap revitalize koridò komèsyal Buffalo epi fè rezidan yo retounen nan katye yo nan vil la. Avèk de premye faz finansman an ki deja ap ranfòse kominote nou yo, twazyèm faz sa ap plis ede garanti avni ekonomik Buffalo”.

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Rejyon Lwès New York lan epi Prezidan State University of New York nan Fredonia, Dr. Virginia Horvath, te deklare, “San sant katye solid ak amelyorasyon kalite lavi Fon Better Buffalo a ofri a, inisyativ Buffalo Billion lan pap kapab rive atenn tout potansyèl li. Gouvènè Cuomo merite kredi pou apwòch konpreyansif ke li te fè pou devlopman ekonomik ki enkliziv pou tout rezidan Buffalo yo”.

Senatè Tim Kennedy te deklare, “Pandan vil nou an ap fè eksperyans yon redemaraj san parèy la, Fon Better Buffalo a kontinye ofri yon konsantrasyon enpòtan ki nesèsè sou kwasans entèlijan. Nou vle ke gen koneksyon ant zòn kote moun yo ap travay, viv ak pase tan lwazi yo. Yon strateji ki byen planfiye ap lakoz katye yo vin dinamik epi y ap ofri zòn ki an sekirite pou fanmi nou yo. Inisyativ sa ap jwe yon wòl nan revitalizasyon Vil Buffalo”.

Senatè Chris Jacobs te di, “Katye nou yo se kolòn vètebral vil nou an. Investisman tankou sila sa a pral ogmante aktivite devlopman ekonomik ki pral gen yon enpak pozitif dirèk sou lavi rezidan nan kominote nou an yo”.

Manm Asanble Crystal Peoples-Stokes te deklare, “Moun yo ap demenaje retounen anndan limit vil yo melanje avèk planifikasyon ak devlopman reflechi atravè Fon Better Buffalo Gouvènè Cuomo a ap tradwi an kreyasyon katye moun ka mache a pye, ki favorab a moun k ap itilize l yo, ki pi efikas ak pi byen konekte a travay yo pou Nouyòkè yo nan Rejyon Lwès la yo. Mwen atann pou pwochèn faz pwojè sa yo ke nou sèten k ap kontribiye nan estrateji kwasans entèlijan global rejyon an”.

Manm asanble Sean Ryan te deklare, “Dènye faz Fon Better Buffalo a pral ede ranfòse katye toupatou atravè Vil Buffalo a yo. Lè nou konsantre sou amelyorasyon katye yo ak aksè a transpò komen, fon Better Buffalo a pral kontinye elan ekonomik k ap devlope nan Buffalo ak nan Rejyon Lwès New York la. Buffalo Billion ak Fon Better Buffalo a se investisman enpòtan k ap fèt nan avni ekonomik nou. Avèk twazyèm faz Fon Better Buffalo a, nou gen yon lòt opòtinite pou nou ranfòse katye peple ki gen izaj miks yo, epi ofri transpò fyab pou moun al lekòl ak nan travay”.

Majistra Vil Buffalo Byron Brown te deklare, “Fon Better Buffalo a se yon zouti eksepsyonèl k ap ede ti biznis yo ak gwoup san bi likratif yo estimile prezans yo nan koridò transpò piblik nan Vil Buffalo a, pandan l ap amelyore katye iben nou an yo. Gen trantsenk biznis ak òganizasyon kominotè nan Buffalo ki te resevwa plis pase 20 milyon dola finansman pandan de premye faz la yo. Mwen ap ankouraje biznis ak òganizasyon san bi likratif yo pou yo patisipe nan sesyon enfòmasyon piblik Vil la ap bay sou pwosesis aplikasyon an yo, ki pral fèt jou mèkredi 20 Desanm lan soti 2 è p.m. rive 4 è p.m. nan Bibliyotèk Frank E. Merriweather la ki sitiye nan 1324 Jefferson Avenue”.

Jason Yots, ki se Prezidan, Common Bond Real Estate la te di, “Pwojè reyabilitasyon istorik sa yo ka koute plis pase pri nòmal yo, souvan sa gen rapò ak kondisyon enprevizib devlopè yo dekouvri pandan y ap pouswiv pwosesis konstriksyon an yo. Prè Fon Better Buffalo a te ede pwojè nou an rete fezab, malgre defi nou te rankontre yo. Nan konsa, pwogram lan te ede nou fèmen jan de eka finansyè sa yo ki te ka anpeche reyitilizasyon adaptiv pwojè yo nan nouvo mache Buffalo yo”.

Kòm egzanp youn nan plizyè pwojè BBF yo se Mattress Factory (Faktori Matla) Empire State Development te apwouve pou yon prè 500,000 dola pou ede renove yon konplèks fabrikasyon sou Florida Street la ki te vid depi byen lontan epi transfòme l vin tounen yon bilding ki gen apatman ladan. Pwojè 6.5 milyon dola sa a mande yon bilding kat etaj, ki mezire 46,000 pye kare ki pral gen ladan 34 apatman epi 1,800 pye

kare espas biwo nan premye etaj la. Apatman yo nan yon katye ki tou pre zòn kote Canisius College ak Hamlin Park ye a, k ap fè li se youn nan pi gran pwojè sektè prive a ap antrepran nan zòn sa nan Buffalo.

W ap jwenn plis enfòmasyon sou Fon Better Buffalo a ak sou benefisyè pase yo disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418